# 10 хьехам дай-нанойн: иштта г1о до аш шайн беран 1амадан




## 1. Дика 1амадан атмосфера кхоллар

Ц1ена белхан меттиго а, синтеме 1аморан хьоло а г1о до беран 1аморан т1е ойла яхийта.



## 2. Нийса синйовхо (стимул) карор

Х1оттае 1алашо, хьан беро ша шен лаамца 1амор долуш. Уьш хила тарло, масала:

„Биологи дика хууш верг, лор хила тарло“ кхин д1 а…..

## 3. Ма хилийта шайн доьзалехь таханлера ,,Corona“ тема, коьрта тема

## 4. Цкъа, шозза садо1а

1аморна юккъехь тоъал садо1ар ладаме ду. Наггахь волавалар а, хи малар а ду ладаме. Иштта 1емар ду дика.



## 5. 1аморан юккъехь, садо1учу хенахь магош дац телевизоре хьажар

Ишколехь санна, 1аморан юккъехь, садо1учу хенахь магош дац телевизоре хьажар. Берана г1олехь ду цу хенахь аш цхьаьна х1ума яар а, шаьш динарг дийцар а, вовшех дагадовлар а, шаьш делкъалт1аьхьа х1ун дийр ду а, шайн мукъа хан д1а муха хьур ю дийцар а.

## 6. 1аморан ойла т1еяхийтар, синйовхо (стимул) ялар

Дай-наной хьехархойн метта хила мегар дац, х1унда аьлча церан юкъаметтиган ницкъ хила мегаш бу. Т1аккха а шун мегаш ду шайн беран синйовхо яла.

Меттара хьалаг1аьттича – буьйсана д1авижжалца йолчу хена чохь, хьан беро д1аяхьа еза ша ишколе воьдучу хенахь хилла йолу кеп: т1е х1ума юхар, х1ума яар, 1амор, садо1ар.
Хьан беран 1аморан лаам хьалабаккха дийца хьан беран хьайна 1еминарг. Оцу балхо айадо беран шех б1оболар. Кхин а г1о до цуьнан дараллин 1аморан методаш а, 1аморан мотиваци а лакхаяккха.

## 7. Интернет лелор

- Дуккха а ю дешархошна 1аморан г1оьнна кхоьллина берийн - интернет аг1онаш.
- Кхин а г1о до х1ара санна йолу дика Apps, дешаран чулацамах ловзуш кхетар а, пайдаэцар а: www.integrationsfons.at/app
- Онлайн-1аморанплатформа: www.sprachportal.at



## 8. Ишколан чулацам а, ц1ера болх а цхьаьна д1абахьар

Юург еш лара, лозуш 1амаде, эшаре ладог1а, фильме хьажа….
1амада аьтто бу даима а, массанхьа а.



## 9. „Хьоьга дан лур ду х1ара!“

Йовзийта хьан беран цуьнан дика аг1онаш.

Ма марзаде хьан бер 1аморна дуьхьал марзолгашка а, телевизоре хьажийтаре а, я компьютарни ловзарш магоре а.

## 10. 1аморан план х1оттае

1аморан плано, я 1аморан т1едилларан кехато г1о до 1аморан синйовхо кхолла.

1аморан план т1ехь, я 1аморан т1едилларан кехатан т1ехь билгалдаккха хьан беро х1ун 1амо деза а, цуьнан дуьхьал цунна х1ун совг1ат лур ду а.

Масалла: седа билар, билгало, кхин д1а а….

| Т1едиллар | Хан | Билгало |
|---|---|---|
| | 1уьйре | |
| | 1уьйре | |
| | 1уьйре | |
| | 1уьйре | |
| **Массо билгало гулйиний ахь? = хьан хьалхара седа** | | |
| | делкъе | |
| | делкъе | |
| | делкъе | |
| | делкъе | |
| | делкъе | |
| **Юха а массо а билгало? = хьан шолг1а седа** | | |
| | суьйре | |
| | суьйре | |
| | суьйре | |
| | суьйре | |
| **Юха а массо билгало? = хьан кхоалг1а седа** | | |